

9vyèm septanm 2009

Chè Paran:

Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) fyè pou anonse nouvo inisyativ Sipèentandan an *“Beyond the Bell”* (Depase Son Klòch la). Inisyativ sa a ap ofri pwogram teknoloji òdinatè apwopriye ki ap sipòte lekti, matematik ak syans. *“Beyond the Bell”* fèt pou yo sèvi ak li kòm yon siplemantè e/oubyen yon anrichisman pou elèv aprann depase jounen lekòl la. Pwen santral kontni pwogram sa yo aliye ak plan kourikoulòm Distri a e yo modifye li chak nèf semèn.

Chemen aksè ki espesifye pou pitit ou a aprann disponib sou paj Entènèt *“Student Portal”* (Pòtal Elèv) M-DCPS la nan <http://myportal.dadeschools.net/student/>. Yon fwa pitit ou a antre sou pòtal la, l ap jwenn yon machasuiv ansèyman edividyèl ki lyen ak nivo ane eskolè pwogram òdinatè ki apwopriye a. Tout machasuiv kourikoulòm nan yo fèt pou vize enstriksyon baze sou pèfòmans FCAT e aliye ak kourikoulòm Distri a.

Nou ankouraje pou w patisipe ak pitit ou a pou bay sipò pou yo aprann depase son klòch la. Nou rekonèt tout elèv kab pa gen aksè òdinatè ak aksè pou konekte sou Entènèt, nou ankouraje pou w vizite bibliyotèk piblik yo, sant kominotè yo, ki ka ofri aksè Entènèt gratis.

Aprann nan sèvi ak teknoloji kab amizan, anrichisan, e kaptivan. Mwen envite w pase tan nan eksplòre resous sipèb sa a. Silvouplè siyen kontra ki atache a pou endike ou vle patisipe nan nouvo konbit sa a e retounen li bay pwofesè klas jeneral pitit ou a.

Sensèman,

Direktè (tris)

LEKÒ LETA MIAMI-DADE COUNTY
“Beyond the Bell” (Depase Son Klòch La)

Kontra pou Elèv/Paran/Lekòl

Lekòl Leta Miami-Dade County Devwe pou ofri tout elèv yo yon eksperyans pou amelyore edikasyon yo. Sipèntandan an genyen yon nouvo inisyativ pou ane lekòl 2009-2010 la ki rele *“Beyond the Bell”* (Depase Son Klòch la). Inisyativ sa a ap ofri elèv nan 3yèm jis rive 11yèm ane eskolè aksè sou pwogram enstriksyonèl nan matyè Redaksyon, Lekti, Matematik, ak Syans. Elèv yo ap kapab gen aksè pwogram sa yo depase jounen lekòl la sou Entènèt.

“Beyond the Bell” disponib sou Entènèt atravè Pòtal Elèv Lekòl Leta Miami-Dade County ki lokalize nan <http://myportal.dadeschools.net/student/>. Yon fwa elèv yo antre sou pòtal la yo ap jwenn machasuiv yo idantifye e aliyen ak nivo “FCAT” yo.

Pwogram sa yo disponib:

Non	Nivo Ane Eskolè	Kontni
Compass Learning	6-8	Redaksyon/Lekti, Matematik, Syans, ak Syans Sosyal
Gizmos	4-11	Matematik ak Syans
Reading Plus	6-12	Lekti
Riverdeep	3-11	Redaksyon/Lekti, Matematik ak Syans
Ticket To Read	3-5	Lekti

Yo pap bay nèt pou pwogram siplemantè sa a yo e ni yo pap bay li kòm devwa pou yo. Bi *“Beyond the Bell”* la se pou pèmèt elèv ak paran travay ansanm nan sèvi ak aktivite enstriktif kaptivan.

Nou rekonèt tout paran kab pa gen òdinatè ak aksè pou konekte Entènèt lakay yo, nou ankouraje paran vizite bibliyotèk piblik yo oubyen lòt lokasyon nan vil la ki ofri aksè Entènèt gratis.

Angajman ou ansanm ak ou nan lokal lekòl la ap ofri pitit ou a sipò akademik. Nou ap mande ou aksepte kontra sa a pou ou vin patisipe nan pwogram nou an. Silvouplè siyen e retounen fòm sa a nan lekòl pitit ou a anvan 11 septanm 2009.

Non Elèv la: _____

Nimewo ID Elèv la: _____

Siyati Paran an

Siyati Elèv la